



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/22/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKÓ 40,000 APLIKASYON VOTÈ KI TE RANPLI  
SOU ENTÈNÈT PANDAN JOU FINAL ENSKRIPSYON AN**

***Sistèm enskripsyon DMV sou entènèt te bat yon jou rekò avèk preske 14,000  
Aplikasyon ke yo te resevwa nan dat 18 Mas***

***Delè limit la ap apwòche rapidman pou enskri atan pou eleksyon prezidansyèl  
primè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon ogmantasyon san parèy nan aktivite enskripsyon elektè yo nan dènye minit mwens pase yon mwa anvan eleksyon primè prezidansyèl Eta New York. Ant 10 ak 20 Mas, [MyDMV](#), premye sistèm enskripsyon votè sou entènèt nan eta, te trete plis pase 40,883 aplikasyon pou vote, enkli 20,889 pou votè premye fwa yo. MyDMV te fikse tou yon rekò pandan toutan nan vandredi, 18 Mas avèk 13,961 aplikasyon enskripsyon pou vote ke yo te resevwa, enkli 7,128 pami votè premye fwa yo. Nouyòkè yo dwe enskri pou vote nan dat [25 Mas](#) nan fason pou depoze bilten yo nan eleksyon prezidansyèl primè yo kap vini nan dat 19 Avril.

"Sistèm pòtal enskripsyon pou vote sou entènèt se kle nan efò administrasyon sa pou retire baryè pou demokrasi epi ankouraje plis patisipasyon nan pwosesis elektoral la," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ankouraje nenpòt moun ki enskri, oswa mete enfòmasyon yo ajou, pou rejwenn kantite Nouyòkè kap ogmante yo nan itilize zouti senp ak pratik sa pou asire elijiblite yo pou vote nan eleksyon prezidansyèl primè kap vini yo."

Lè nou swiv kèk nan etap senp yo, Nouyòkè yo ka enskri fasilman pou yon kont sekirize MyDMV epi enskri pou vote oswa pou gen aksè a yon varyete lòt sèvis tankou mete ajou enskripsyon pati politik oswa adrès kay. Pou kreye yon kont, moun yo dwe itilize lisans chofè Eta New York yo, pèmi oswa Idantite ki pa lisans, kat dènye chif nimewo kat sekirite sosyal yo, ak kòd postal ki aktyèlman liste sou lisans chofè yo, pèmi oswa dosye ID ki pa lisans. Lè yo fini, DMV ap voye aplikasyon enskripsyon votè yo nan Konsèy Eleksyon Konte a pou aksyon. Nouyòkè yo ka itilize [sitwèb](#) Konsèy Eleksyon Eta New York la pou tcheke stati enskripsyon votè yo.

**Komisyònè Egzekitif Adjwen Depatman Motè Veyikil Eta New York Terri Egan te deklare,** "Biznis ap definitivman pran sou sitwèb MyDMV enskripsyon pou vote e nou pat ka pi kontan pase sa avèk rezilta sa yo. Depoze yon bilten vòt pou avni peyi nou an se youn nan bagay ki fondamantalman enpòtan nou ka fè kòm Ameriken. Gen yon titan

ki rete toujou pou ensrki e mwen ankouraje tout moun ki poko fè sa pou vizite sitwèb MyDMV jodia."

Pou anrejistre pou vote, yon Nouyòkè dwe:

- Yon sitwayen ameriken.
- Gen laj 18 ane nan dat 31 desanm ane ou soumèt fòm lan (remake: ou dwe gen laj 18 ane nan dat eleksyon jeneral, primè oswa lòt eleksyon nan sa ou vle vote a).
- Abite nan adrès aktyèl ou a pou omwen 30 jou anvan yon eleksyon.
- Pa nan prizon oswa nan libète pwovizwa pou yon kondanasyon krim.
- Yon tribinal pat jije w enkonpetan mantalman.
- Pa reklame dwa vote okenn lòt kote.

Klike [la](#) pou ka wè yon lis kesyon ke yo poze souvan sou pwosesis aplikasyon enskripsyon votè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Depatman Motè Veyikil, vizite [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418